



## **Pwomès Pou Patisipe antan ke Paran**

**Antan ke paran, responsab timoun la, oswa granmoun kap pran swen yon timoun,** ak dokiman sa a mwen pwomèt nan mezi posibilite mwen, sip~te yon edikasyon bon jan kalite pou tout elèv la Florid yo.

Mwen gen gwo espwa pou pitit mwen ansanm ak tout timoun nan la Florid epi map atann aske yo reyisi ni nan lek~l ni nan lavi.

Mwen pwomèt kontinye ak patisipasyon mwen, sèvi kom egzanp ak kenbe kominikasyon ant pwofesè pitit mwen ak lek~l la klè pou asire ke edikasyon pran yon plas primodyal lakay.

Mwen rekonèt ak konprann ke se responsabilite mwen pou mwen kenbem okouran de tout koze ki gen rap~ ak edikasyon pitit mwen.

Edikasyon se kle reyisit, epi map fè tout sa mwen kapab pou alimante aptitud pitit mwen pou li aprann.